



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedyat: 26 oktòb 2012

**GOUVÈNÈ CUOMO DEKLARE ETA-DIJANS NAN NEW YORK NAN PREPARASYON POU POSIB
KONSEKANS OURAGAN SANDY**

Ouragan Sandy Ka Frape Eta New York nan Wikenn sa a

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te deklare yon eta-dijans nan New York nan preparasyon pou posib konsekans Ouragan Sandy, ki ka frape Eta New York nan jou k ap vini yo. Yon eta-dijans ap mobilize resous nan gouvènman lokal yo ki gen restriksyon pou eta a itilize sèlman, epi li sispann règleman ki ta anpeche repons rapid.

Gouvènè a ap kontinye kowòdone preparasyon nan eta a pou tanpèt la, epi li bay lòd pou Sant Operasyon eta a pou Ijans ki nan Albany fonksyone pandan vennkat (24) èdtan pa jou. Sou desizyon Gouvènè a, ajans eta yo ak gouvènman lokal yo planifye pou fè efò pou bay repons nan tèt ansanm. Gouvènè Cuomo ak administrasyon li an te an kontak avèk ofisyèl lokal yo pou kowòdone preparasyon an. Gouvènman an eta a ap kominike avèk Ajans Federal pou Jesyon Ijans ak Sèvis Nasyonal Metewoloji pou diskite sou posib trajektwa tanpèt la.

Gouvènè Cuomo di konsa, "Pandan n ap prepare pou posiblite pou Ouragan Sandy frape Eta New York, mwen aktive tout nivo gouvènman an eta a pou prepare pou konsekans posib yo. N ap travay avèk patnè federal ak patnè lokal yo pou swiv devlopman tanpèt la epi pou òganize yon plan repons kowòdone. Avèk kondisyon metewolojik ki enprediktib, n ap pran pi gwo prekosyon yo – sitou apre eksperyans nou te fè nan tanpèt dènye ane yo. Mwen ankouraje Nouyòkè yo pou yo planifye pou kondisyon ouragan an epi pou yo swiv bilten nouèl pou yo ka toujou jwenn dènye enfòmasyon sou pwogrè tanpèt la."

Gouvènè Cuomo te mande Prezidan Obama pou yon deklarasyon katastwòf anvan ouragan an rive atè. Sa ta pèmèt Eta a jwenn lajan ak resous FEMA pou prepare.

Akòz tanpèt ki pral rive a, konferans Gouvènè a sou Preparasyon pou Ijans ki te pwograme pou 29-30 oktòb nan Albany ranvwaye.

Haitian Creole

Gouvènè Cuomo ap sipèvize mobilizasyon eta a nan preparasyon pou posib tanpèt la, tankou:

SÈVIS TRANSPÒ

• **Metropolitan Transportation Authority (MTA)** ap kontwole pwogrè Ouragan Sandy, epi y ap pran prekosyon ki nesèsè pou pwoteje rezo transpò li. Tanpèt la ap vanse nan New York, epi li gen posiblite pou vini avèk van fò ak gwo lapli ki kapab fè li danjere pou opere tren, otobis ak liy chemennfè, epitou li danjere pou kite veyikil sikile sou sèt (7) pon ak de (2) tinèl MTA yo. Plan MTA pou Ouragan an mande yon sispansyon regilye sèvis transpò komen ak sèvis tren anvan gwo van 39 mph oswa pi fò rive. Yo poko pran desizyon pou si pou yo sispann kèk oswa tout sèvis la anvan tanpèt la, men y ap bay avi nòmalmman pou lè ap gen nenpòt sispansyon. Kliyan yo ak medya yo ta dwe ale sou Entènèt nan sitwèb mta.info. Yo fè chanjman nan enfòmasyon yo san rete avèk sèvis enfòmasyon an lè enfòmasyon yo vin disponib. Kliyan yo kapab rele 511 tou pou yo jwenn enfòmasyon sou sèvis la.

- **New York City Transit/Metro-North Railroad/Long Island Rail Road:** Ekip yo ap travay nan touletwa sistèm transpò komen yo pou enspekte ak netwaye kanalizasyon yo, chanm ponp yo, fose yo, rigòl yo, epitou y ap siveye zòn ki ka inonde yo san pran souf. Yo tcheke ekipman tankou veyikil repons pou ijans, machin pou leve chay, aparèy pou fouye twou, aparèy pou debleyaj, si-a-chenn, dèlko, ak ponp yo, yo mete gaz ladan yo, epi yo pare pou itilize – sitou nan zòn yo konnen ki ba. Lòt aksyon yo gen ladan pwoteksyon chantye travay yo kont posib van fò, mete gaz nan ekipman, estokaj materyèl epi fè plan pou retire tren, otobis, ekipman ak materyèl ki nan zòn altitud ba yo. Y ap afekte plis anplwaye pou ale nan travay anvan yo prevwa tanpèt la ap rive atè.
- **Pon ak Tinèl yo:** Yo tcheke tout sistèm wout ak drenaj ki nan enfrastrikti Pon ak Tinèl epi yo retire debri ki ladan yo. Kamyon demolisè ak lòt veyikil repons yo pare pou ede chofè ki ka vin bloke. Yo mande chofè yo pou redui vitès yo lè van yo ap soufle ant 40 ak 49 mph nan kondisyon sechrès, epi ant 30 ak 49 mph nan kondisyon ki gen van ak imidite. Lè van yo ap soufle a 50 mph oswa plis nan kondisyon sechrès ak imidite, sèten veyikil ap jwenn entèdiksyon pou yo itilize pasaj MTA yo. Veyikil sa yo se motosiklèt, semi-remòk, ti kamyonèt, minibis, kamyon ki gen dèyè louvri, trelè k ap redi vwati, kay sou woulèt ak veyikil k ap pote vè an vit. Si gen gwo van 60 mph oswa pi wo, MTA ka fèmen youn oswa plis pon pou tout sikilasyon an.
- **Konstwiksyon Kapital:** Tout travay konstwiksyon yo sispann pou jouk lè gen lòt avi sou East Side Access, Second Avenue Subway, 7 Line Extension ak Fulton Center.

• **Port Authority of New York and New Jersey** ap fè preparasyon pou jwenn anplwaye siplemantè nan tout sèvis transpò li yo pou asire anpil santèn milye kliyan ki itilize yo chak jou kapab jwenn sèvis la san pwoblèm pandan evènman move tan sa a. Ajans lan ap aktive biwo jesyon ijans li tou pou kontwole chanjman kondisyon tan an, epi pou kowòdone avèk biwo gouvènman an nan New York ak nan New Jersey, biwo majistra Vil New York, lòt moun deyò ki konsène, ak Administrasyon Avyasyon Federal, ki kontwole trafik ayeryen an.

o Nan senk (5) ayewopò Port Authority, ofisyèl yo te kòmanse pran prekosyon tankou sere nenpòt materyèl deyò ki lache, epi fè lokatè ak moun ki nan afèmaj yo fè menm bagay la; tcheke ak epi netwaye tout kanalizasyon tanpèt ak kanivo wout yo; fè sèvis epi mete gaz nan tout veyikil yo, dèlko yo ak ponp yo; prepare epi mete sak sab, epitou prepare ekipman kontwòl sikilasyon an tankou baliz yo ak barik yo. Lè tanpèt la ap pwoche, Port Authority mande tout pasaje avyon pou yo kontakte konpayi ayeryen yo sou kondisyon vòl yo.

o Travayè ki nan Depatman Tinèl, Pon ak Tèminal ajans lan ap revize pwosedi pou van fò yo, epi yo pare pou posib restriksyon oswa fèmti sikilasyon an.

o Nan Tèminal Otobis Port Authority, anplwaye yo ap kowòdone avèk tout konpayi otobis tèminal la pou detèmine plan sèvis yo nan jou k ap vini yo.

o Anplwaye World Trade Center te fè antreprenè yo konnen pou yo pwoteje chantye konstwiksyon yo, epi pou yo pran mezi prekosyon tankou mare ak pwoteje materyèl yo ak debri ki lache yo nan chantye konstwiksyon an; estoke zouti ki lache yo; epi jwenn filè, banyè, echafodaj akabri pou twotwa. Enjenyè yo ap egzekite plan yo tou pou jwenn machin pou leve chay kont van tanpèt la, pandan ekip yo ap prepare pou itilize ponp yo, sak sab yo ak lòt mezi pou metrize inondasyon yo.

• **Thruway Authority** ap kontwole avèk anpil prekosyon pwogresyon Ouragan Sandy pou asire ajans lan pare pou jere konsekans posib yo nan sistèm yo. Ajans lan enspekte sistèm drenaj yo ak pasaj idwolik yo pou asire yo fonksyone kòrèkteman san yo pa bloke, yo prepare ak teste ekipman ki ka nesèsè pou repons pou tanpèt la, epi yo mobilize anplwaye pou deplwaman si li nesèsè. Jan sa konn fèt, Sant Operasyon ajans ki toupatou nan eta a ap fonksyone toutan pou kontwole kondisyon yo nan tout sistèm otowout 570 mil la.

SÈVIS PIBLIK

• Ofisyèl administrasyon an te fè yon koutfil nan konferans byen bonè jodi a avèk Direktè Jeneral tout sèvis piblik yo ak Komisyon Sèvis Piblik la pou planifye pou preparasyon pou tanpèt la, sekou ak repons. Gen apeprè 2700 travayè sèvis piblik ki mobilize pou ede nan preparasyon pou tanpèt la toupatou nan eta a. Y ap deplwaye lòt ekip pou bay sekou apre tanpèt la.

KONTWÒL INONDASYON

• **New York Power Authority (NYPA)**: Yo te bese nivo dlo rezèwa ki pi ba nan Blenheim-Gilboa Pumped Storage Power Project sou Schoharie Creek pou fè li rive nan pwofondè minimòm li kòm yon prekosyon kont kondisyon inondasyon yo. NYPA te lage dlo a tou pou bese nivo Hinckley Reservoir kote l ap opere yon ti enstalasyon idwo pou kreye kapasite estokaj siplemantè.

• **Depatman Pwoteksyon Anviwònman (DEC)** ap travay san pran souf avèk Depatman Pwoteksyon Anviwònman Vil New York pou bese nivo dlo a nan rezèwa Schoharie ak Ashokan pou pa kite gen

inondasyon nan Schoharie ak Catskills. DEC te otorize yon tiraj nan Schoharie Reservoir a yon ritm apeprè 600 milyon galon pa jou. Bès nivo dlo a kapab redui kantite dlo ki ka tonbe anlè baraj Gilboa epi li kapab koule desann nan Schoharie Creek. Dlo sa a yo lage a ap ede kreye yon espas vid nan Schoharie Reservoir. Dlo ki sòti nan Schoharie detounen pou koule nan Shandaken Tunnel pou ale nan Esopus Creek epi answit pou tonbe nan Ashokan Reservoir. DEC otorize pou yo lage dlo ki nan Ashokan Reservoir a yon ritm 600 milyon galon pa jou pou fasilite yon rediksyon nan ekoulman dlo tanpèt ki pi gwo yo pou ogmante kapasite rezèwa a nèt. Dlo sa yo lage a ap fini nan kòmansman lapli tanpèt la oswa si gen risk pou inondasyon ki baze sou mwayen pou mezire kouran dlo yo.

- **Canal Corporation** egzekite yon plan pou bese nivo dlo yo nan seksyon Rivyè Mohawk Erie Canal ki ant Fort Plain ak Schenectady pou ka ogmante mwayen pou estoke dlo lapli pou posib lapli ki asosye avèk Ouragan Sandy. Canal Corporation ap travay avèk marina yo, antreprenè yo, ak bato komèsyal ak bato lwazi sou Sistèm Kannal la pou retire bato yo nan zòn sa yo ki afekte a, epitou l ap kòmans bese novo dlo sa yo a apeprè twa (3) a senk (5) pye samdi 27 oktòb la. Si trajektwa yo prevwa pou Ouragan Sandy sijere konsekans grav nan Basen Mohawk River, Canal Corporation ap redui nivo sa yo ankò nan pwen ki pi ba yo nan sezon livè apati dimanch 28 oktòb. Answit, pou ede kreye plis mwayen pou estoke dlo lapli pou ka diminye konsekans nenpòt inondasyon posib ki asosye avèk Ouragan Sandy, Canal Corporation te kòmans bese nivo Hinckley Reservoir ki toupre Utica jedi 25 oktòb.

- **Distri Kontwòl Hudson River – Black River Regulating** ap prepare pou estoke dlo lapli an repons pou gwo inondasyon posib nan rezèwa Great Sacandaga Lake ak Indian Lake nan espas Hudson River epi nan Stillwater, Sixth Lake, ak Old Forge Reservoir nan espas Black River. Apre tanpèt la, epi apre nenpòt kondisyon inondasyon nan rivyè diminye, Distri Kontwòl la ap ogmante nèt dlo y ap lage ki sòti nan chak rezèwa nan yon manyè ki rezonab ak pridan pou bese nivo dlo ki nan chak rezèwa san pèdi tan.

- **Komisyon Lake George Park**, ki sipèviz nivo Lake George epi ki asire operatè sòti baraj ki nan Ticonderoga (LaChute Hydro) opere dapre “koub nivo” pou asire byennèt piblik la ak enfrastrikti ak pwodiksyon enèji. Komisyon an ap kowòdone avèk LaChute Hydro sou operasyon konduit fòse ak vav ki kontwole nivo lak la, epi ki rekòmans bès maksimòm imedyat nan nivo kouran an pou fasilite kapasite a.

SANTE AK SEKIRITE

- **Lapolis Eta New York** egzekite plan preparasyon entèn ajans pou katastwòf pou Ouragan Sandy. Anplwaye twoup yo rete pare pou afektasyon nan konte a ak nan Sant Operasyon pou Ijans (EOC) pou ijans lokal yo jan li nesèsè. Yo te idantifye anplwaye ki nan chak twoup davans pou yo disponib pou deplwaman nan zòn eta a ki frape pi di yo si li nesèsè. Yo te teste tout ekipman enèji ak kominikasyon pou ijans yo. Resous espesyalize ki gen ladan bato, avyon, ak kat (4) veyikil tou-teren pare pou deplwaman.

Vrè fòs ouragan an ap depannde kous li anwo lakòt lèt Etazini. Yo konsidere pati eta a ki toupre dlo lakòt yo, tankou Long Island ak Vil New York kòm kote ki pi arisk. Zòn ki nan tè yo kapab afekte avèk gwo lapli

ak van fò, ki kapab lakòz inondasyon ak blakawout.

Gouvènè Cuomo ankouraje Nouyòkè yo pou yo estoke materyèl pou ijans yo, tankou dlo, manje ki p ap gate, rayo, batri, materyèl pou nenpòt bèt kay ak twous premye swen. Gouvènè a ankouraje Nouyòkè yo tou pou kontakte vwazen yo, sitou granmoun aje yo oswa moun andikape yo, ki ka bezwen èd pou asire bezwen yo satisfè si yo ta bay enstriksyon pou ijans.

Depatman Sante te bay konsèy sa yo tou pou Nouyòkè yo pou prepare pou tanpèt la:

- Estoke manje ki p ap gate ak dlo ki disponib. Asire radyo ki fonksyone avèk pil ak flach disponib, epi asire yo gen yon kantite pil ki ase. Flach ak radyo ki fonksyone avèk manèt pa bezwen batri, men yo itil tou. Gen yon twous premye swen ki disponib epi asire gen ase kantite medikaman ki disponib pou moun ki bezwen.
- Konnen kijan pou kontakte tout manm fanmi an toutan. Idantifye yon zanmi oswa yon manm fanmi ki pa nan zòn nan pou “kontak fanmi an pou ijans.” Answit, asire tout manm fanmi an gen nimewo sa a. Deziyen yon kote pou fanmi an rankontre pou ijans kote fanmi an kapab rankontre sizoka ou pa kapab ale lakay ou.
- Fè atansyon patikilye avèk manm fanmi ki gen bezwen espesyal, timoun piti ak bèt kay. Konnen kote pou mete bèt kay ou pandan yon tanpèt paske anpil abri pa kapab aksepte bèt kay. Abri yo aksepte sèlman “bèt sèvis” ki ede moun andikape.
- Prepare yon lis telefòn moun ak òganizasyon pou ijans ou ka bezwen rele. Mete lekòl timoun yo, doktè timoun yo, founisè swen sante timoun/granmoun aje, epi ajans asirans.
- Swiv nouvèl ak emisyon estasyon radyo ak televizyon lokal sou ijans lan k ap bay dènye enfòmasyon ofisyèl pandan yon ijans tanpèt, tankou rekòmandasyon pou sòti nan kèk zòn espesifik.
- Konnen ki plan ijans ki anplas nan kominote ou ak kijan y ap fè ou konnen sizoka gen yon ijans.
- Konnen risk ouragan ki nan zòn ou epi chèche konnen istwa onn tanpèt ak altitud zòn ou.
- Konsève dokiman enpòtan tankou kontra asirans, dosye medikal, nimewo kont labank, ak kat sekirite sosyal nan bwat ki p ap pran dlo. Epitou ou dwe gen lajan kach (an ti biyè), yon kanè chèk, ak kat kredi/ATM ki disponib.

Nouyòkè yo kapab jwenn dènye enfòmasyon yo sou Entènèt nan sitwèb governor.ny.gov epi yo kapab swiv biwo nou nan Twitter [@NYGovCuomo](https://twitter.com/NYGovCuomo). Piblik la kapab resevwa avi yo tou nan imèl, tèks ak telefòn nan sistèm notifikasyon eta a, NY-Alert, depi yo ale nan sitwèb NYAlert.gov pou anrejistre pou gratis.

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418